


GRATIS



JEZI KRIS AP RETOUNEN

REVELASYON FEN TAN AN

SÈN DOKTRIN

**PALE MAL SOU
SENTESPRI A**

Sous & Kontak:

Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org>

E-mail: mail@mcreveil.org

Jezi Kris Se Vrè Bondye a E Lavi Etènèl

***Ou menm, Danyèl, kenbe pawòl sa yo sekrè, e sele liv la pou jous tan la fen an. Lè sa plizyè pral li'l, e konesans lan pral ogmante.
Danyèl 12:4***

Ale, Danyèl, donk pawòl sa yo pral kenbe sekrè e sele pou jous tan la fen an. Plizyè pral pirifye, blanchi e chatye; mechan yo pral fè mal e okenn nan mechan yo pap konprann, men moun ki pral gen entèlijans yo pral konprann.

Danyèl 12:9-10

**Anvan pou kòmanse lekti Ansèyman sa a,
Meditè kèk tan sou kesyon sa a:**

Ki kote ou pral pase Letènite'w?

Nan Syèl?

Oswa

Nan Lanfè?

**Lanfè a Reyèl, e li Etènèl.
Panse ak sa!**

Bon lekti! Ke Bondye revele li ak ou!

Avètisman

Liv sa a gratis e pa ka nan okenn ka konstitiye yon sous komès.

Nou lib pou kopye Liv sa a pou predikasyon nou yo, ak pou distribiye'l, oswa pou Evanjelizasyon nou sou Rezo Sosyal yo, a kondisyon ke kontni li nan okenn ka pa modifiye ou chanje, e ke sit mcreveil.org a site kòm sous.

Malè ak ajan satan renmen lajan yo ki pral tante pou vann ansèyman sa yo ak temwanyaj sa yo!

Malè ak nou, pitit satan yo ki pran plezi po pibliye ansèyman sa yo ak temwanyaj sou Rezo Sosyal yo nan kache adrès sit Entènèt www.mcreveil.org a, oswa pou chanje kontni yo!

Konnen ke nou kapab chape nan jistis lèzòm, men nou pap chape sètènman nan jijman Bondye a.

Sèpan, ras koulèv! Kòman nou pral chape nan chatiman lanfè? Matye 23:33.

Tab Matyè yo

Avètisman	3
1- Entwodiksyon	5
2- Kesyon esansyèl	5
3- Matye 12:22-25, 30-34	5
4- Mak 3:22-25, 28-30	6
5- Ki sa ki pale pal sou Sentespri a?	6
6- Poukisa pale mal sou Sentespri a diferan de lòt peche yo?	8
7- Ki jan pale mal sou Sentespri a diferan de lòt peche yo?	8
8- Poukisa peche sa a enpadonab?.....	8
9- Èske nou ka konnen moun ki te komèt peche sa a?	9
10- Temwanyaj	10
10.1- Premye temwanyaj	10
10.2- Dezyèm temwanyaj.....	12
10.3- Twazyèm temwanyaj	12
10.4- Katriyèm temwanyaj la	13
10.5- Senkyèm temwanyaj.....	15
11- Konklizyon	16
Envitasyon	17

PALE MAL SOU SENTESPRI A

**"Letènel fè tout bagay pou yon bi, menm mechan an pou jou malè a."
Provèb 16:4**

1- Entwodiksyon

Senyè a nan Matye 12:22-34 ak nan Mak 3:20-30, te pale ak nou sou yon peche ki pap gen padon pou moun, swa sou tè a oswa pandan jijman dènye a. Donk se yon peche ki pap janm padone. Sa vle di ke si yon moun komèt peche sa a, tout bagay fini pou li. Pa gen, epi pap gen okenn posiblite pou repantans.

Nou konnen gwo renmen Bondye a, nou konnen gwo pitye Li a. E nan Bib la, Senyè a nan plizyè okazyon te prezante tèt li a moun kòm Bondye ki gen kè sansib ak pitye a, pa fasil pou fè kòlè e rich nan bonte. Bondye toujou pare pou padone lèzòm tout bagay, osi lontan ke yo deside pou yo repanti. E menm Bondye sa a, chak fwa Li vle pou pini moun, toujou pran an konsiderasyon feblès yo ak limit kapasite yo. Pasaj Sòm 103 ki anba a, konfime sa.

Sòm 103:1-3, 8-14 ¹"Se yon sòm David. Kite m' di Senyè a mèsi! Kite m' di Senyè a ki pa tankou tout moun lan mèsi ak tout nanm mwen! ²Wi, kite m' di Seyè a mèsi. Mwen pa dwe janm bliye tout byen li fè pou mwen. ³Li padone tout peche m' yo, li geri tout maladi m' yo. ... ⁸Senyè a gen kè sansib, li gen bon kè. Li pa fè kòlè fasil, li p'ap janm sispann renmen nou. ⁹Li p'ap pase tout tan l' ap pini nou, li pa ankòlè pou lontan. ¹⁰Li pa aji ak nou jan nou ta merite l' la, li pa pini nou jan l' ta dwe pini nou. ¹¹Menm jan syèl la byen lwen anwo tè a, se konsa Seyè a renmen moun ki gen krentif pou li. ¹²Menm jan kote solèy leve a byen lwen ak kote solèy kouche a, se konsa li wete peche nou yo, li voye yo jete byen lwen nou. ¹³Menm jan yon papa sansib pou pitit li, se konsa Seyè a sansib pou moun ki gen krentif pou li. ¹⁴**Li konnen ak kisa nou fèt, li sonje se pousyè tè nou ye."**

Si donk Bondye ka padone moun tout peche yo, ki gen ladan krim, touye moun, asasina, kadejak, ak lòt peche pi abominab tankou omoseksyèl ak tout lòt divès kalite sotiz yo nan moun, poukisa Li ka montre'L si sevè e si san pitye pa rapò ak yon peche konsa, e ki sa peche sa a ka ye? Nou pral fòmile kèk kesyon esansyèl, ke repons yo pral ede nou konprann sijè sa a.

2- Kesyon esansyèl

Ki sa ki pale mal sou Sentespri a? Poukisa li diferan de lòt peche yo? Ki jan li diferan ak lòt peche? Poukisa peche sa a san pitye kan Bondye konnen ke moun si fasilman, epi pafwa san yo pa menm reyalize li? Èske nou ka konnen moun yo ki te komèt peche sa a? Yon egzamen pasaj ki anba yo ap ede nou pèse mistè a.

3- Matye 12:22-25, 30-34

²²Aprè sa, yo mennen yon nonm bay Jezi. Nonm lan pa t' ka wè, li pa t' ka pale, paske li te gen yon move lespri sou li. Jezi geri nonm lan. Lamenm, nonm lan pale, li wè. ²³Foul moun yo te sezi anpil. Yo t'ap di: Nou pa kwè se pitit David la sa? ²⁴Lè farizyen yo tande sa, yo di: Si nou wè nonm sa a ap chase move lespri, se paske Bèlzeboul, chèf move lespri yo, ba l' pouvwa pou sa. ²⁵Men, Jezi te

konnen sa ki te nan tèt yo, li di yo: Yon peyi ki gen divizyon ladan l', pou moun yo ap goumen yonn ak lòt, peyi sa a la pou l' disparèt. Si gen divizyon nan yon lavil osinon nan yon fanmi, pou moun yo ap fè lagè yonn ak lòt, ni lavil sa a, ni fanmi sa a pa la pou lontan."

³⁰Moun ki pa avèk mwen, se kont mwen yo ye. Moun ki p'ap ede m' ranmase, se gaye y'ap gaye. ³¹Se poutèt sa, m'ap di nou: Bondye va padone moun tout peche yo va fè, tout move pawòl ki va soti nan bouch yo. **Men, kanta moun ki va pale mal sou Sentespri a, pa gen padon pou yo.** ³²Moun ki pale mal sou Moun Bondye voye nan lachè a, y'a padone l'. **Men, moun ki pale mal sou Sentespri a, li p'ap jwenn padon ni koulye a, ni nan tan k'ap vini apre sa a.** ³³Si pyebwa a bon, l'ap bay bon donn. Si pyebwa a pa bon, li p'ap bay bon donn. **Yo rekonèt kalite yon pyebwa sou donn li bay.** ³⁴**Bann vèmin! nou twò mechan. Bon pawòl pa ka soti nan bouch nou.** Sa ki nan kè yon moun, se sa ki soti nan bouch li."

4- Mak 3:22-25, 28-30

²²Dirèktè lalwa ki te desann soti Jerizalèm yo t'ap di konsa: -Li gen Bèlzeboul, gwo wa dyab la, sou li. Yo t'ap di tou: -Se chèf move lespri yo menm ki ba li pouvwa pou chase move lespri yo. ²³Jezi rele yo, li di yo an parabòl: -Ki jan satan fè ap chase satan? ²⁴Si yon peyi gen divizyon ladan l' pou moun yo ap goumen yonn ak lòt, peyi sa a pa la pou lontan. ²⁵Si gen divizyon nan yon fanmi, fanmi sa a pa la pou lontan."

²⁸Se vre wi, sa m'ap di nou la a: Bondye va padone lèzòm tout peche y'a fè, ak tout move pawòl ki va soti nan bouch yo. ²⁹Men, moun ki **va pale mal sou Sentespri a, moun sa a p'ap janm jwenn padon, paske lè sa a l'ap fè yon peche k'ap rete pou tout tan.** ³⁰Jezi te pale konsa paske yo t'ap di-Li gen yon move lespri sou li."

5- Ki sa ki pale pal sou Sentespri a?

Li parèt nan ansèyman Jezi Kris sa a nan Matye 12 ak Mak 3, ke Pale Mal sou Sentespri a, se lefèt rele Lespri Bondye a, lespri satan, oswa atribiye zèv Sentespri a, a zèv move lespri. Men sa ki Pale Mal sou Sentespri a, ki nan aparans se yon peche ke chak moun ka komèt, menm pa erè, e menm san yo pa reyalize li. Kite m' ba ou kèk egzanp:

Avèk propagasyon gwo satanis sa yo ke yo rele pa inyorans gwo zòm Bondye yo, epi ki mache toupatou avèk pouvwa satanik yo pou twonpe moun avèk sa yo rele mirak yo, yo pa konnen ki jan pou distenge yon vrè mirak ak yon fo mirak ankò menm. Donk yo tante, le pli vit ke yo tandè pale sou mirak yo jodi a, pou di san reflechi ke li se maji, oswa ke li se sèlman yon lòt manipilasyon nan satan. Men, nan konfizyon sa a nan mirak ke yo fè jodi a, li posib ke kèk ta ka soti nan Bondye.

Nan menm fason an, le pli vit ke ou deja konnen youn nan gwo moun k'ap twonpe moun yo ki fè tèt yo rele evanjelis entènasyonal oswa gwo pwofèt yo ak menm espès yo, deja konnen trè byen zèv yo a, ou pa kapab atann anyen ki bon ki soti nan yo. Si ou tandè yo di ke yo te fè kèk mirak, ou pa pral ezite pou di ke li se yon mirak ki fèt pa satan. Men pa gen anyen ki pwouve ke chak mirak ki fèt pa moun sa yo, soti nan satan. Kèk nan mirak sa yo ak geri moun malad

yo, ka soti nan Bondye, ki pou egzose pitit Li yo, li kapab menm sèvi ak menm ajan satan sa yo.

Pa bliye ke Bondye te di nan pawòl Li a ke lefèt pou fè yon mirak pa non Li oswa sou non Li, pa fè moun ki fè mirak sa a, yon pitit Bondye oswa yon sèvitè Bondye.

Matye 7:21-23 "21Se pa tout moun k'ap plede di m': Mèt, Mèt, ki pral antre nan peyi Wa ki nan syèl la, men se sèlman moun ki fè volonte Papa m' ki nan syèl la. 22Lè jou sa a va rive, anpil moun va di m': Mèt, Mèt, se sou non ou nou t'ap bay mesaj ki soti nan Bondye a. Se sou non ou nou te chase move lespri yo. Se sou non ou nou te fè anpil mirak. 23Lè sa a, m'a di yo: Mwen pa t' janm konnen nou. Wete kò nou sou mwen, nou menm k'ap fè sa ki mal."

Bondye fè sa li vle, e Li ka sèvi ak moun Li vle pou akonpli objektif Li. Sa di, se ta riske pou konkli ke tout mirak ak geri moun malad yo ki fè pa ajan satan yo, se fo mirak. Men, nou vini trè fasil nan kalite konklizyon sa a jodi a, akoz konfizyon sa yo ke ajan satan yo ap simen an. Kòm ou ka wè, pa gen anpil vrè kretyen ki toujou bay kredi pou tout mirak sa yo ki fè pa fo predikatè yo. Se poutèt sa, yon moun ka mande si li posib pou jwenn kretyen ki pa ankò tonbe nan peche sa a Pale Mal sou Sentespri a.

Donk si pou senp fè atribiye pa erè oswa pa inyorans, yon zèv Sentespri a bay move lespri yo jan nou te jis etidye a, vle di Pale Mal Sou Sentespri a, peche sa a ta alò yon peche ke nou deja genyen, prèske tout moun, komèt. E kan konnen ke peche sa a pap janm jwenn padon, li nesèsè pou mande poukisa Senyè a, ki sèlman gen entansyon pou sove nou, e ki te menm chwazi pou sakrifye tèt Li pou nou, ka an menm tan an mete yon si gwo pèlen pou nou. Pèmèt yon peche ke yon moun ka komèt fasil konsa, e menm pafwa san yo pa reyalize li, ka yon peche ki pap **janm** padone, se yon trè gwo pèlen.

Men jan nou deja konnen'l lan, Senyè Jezi Kris renmen nou ak yon renmen inalterab, yon renmen ki pa ka nye, ak yon renmen san rezèv. Si li te vle kondane nou, li pa ta bezwen mete pou nou nenpòt pèlen pou rive la. Deja Li pa gen kont pou bay ak nenpòt moun nan. Sa di, nou konprann pi fasil, ke definisyon Pale Mal sou Sentespri a jan yo bay pi wo a, kache yon bagay. Ki sa li ye?

Kisa ki fè Pale Mal sou Sentespri a yon peche trè espesyal, se degre afron ki akonpaye peche sa a, se konesans bagay Bondye yo nan moun ki komèt peche sa a, ak volonte ekspres yo pou fè mal la. Farizyen yo ak direktè lalwa yo, ki te di ke Jezi chase move lespri pa Bèlzeboul, prens demon yo, te konnen trè byen ke Jezi pa t' chase move lespri pa Bèlzeboul. Se konsa, yo pa t' inyoran, epi yo pa't gen okenn konfizyon sou moun Jezi te ye a, oswa sou zèv Jezi yo; alò ke nou gen jodi a gwo dout sou moun ak zèv kèk swadizan zòm Bondye yo. Se te anime pa mechanste ak jalouzi, e nan objektif pou detounen moun yo soti nan Bondye, ke mechan sa yo te di manti sa a.

Yo te byen konnen Jezi te Pitit Bondye; yo te konnen tou, e trè byen, ke Jezi te chase move lespri yo avèk pouvwa Bondye. Men nan jalouzi yo, yo pa t' kontan pou wè Jezi delivre moun ke satan te kenbe prizonye nan manti ak esklavaj. Donk fòk yo te konbat sa; yo te dwe fè tout bagay pou dekouraje moun ki te rekonèt Jezi kòm Pitit Bondye a epi ki t'ap swiv Li. Se sa ki te kache dèyè aksyon yo a.

6- Poukisa pale mal sou Sentespri a diferan de lòt peche yo?

Kontrèman ak lòt peche yo, Pale Mal sou Sentespri a p'ap janm jwenn padon, ni nan lavi sa a ni nan jou gwo jijman an. Sa vle di ke nenpòt moun ki komèt peche sa a, kondane nan Lanfè, kèlkeswa kalite repantans li chwazi pou fè apre sa. Anpil sa yo rele kretyen ki ranpli legliz yo sèjousi, ki gen ladan yo sa yo rele sèvitè Bondye yo, se moun ki te pale mal sou Sentespri a, epi sèlman ap tann jou kote yo pral trouve yo nan Lanfè.

7- Ki jan pale mal sou Sentespri a diferan de lòt peche yo?

Pale Mal sou Sentespri a diferan de lòt peche yo nan sa ke li pa janm komèt pa erè, ni pa inyorans, ni pa feblès, ni enkonsyamman. Peche sa a se rezilta yon chwa ekspres, konsyan, volontè ak prepare davans. Pale Mal sou Sentespri a, se poutèt sa, se pa sèlman senp zak rele Lespri Bondye a, lespri satan, oswa atribiye yon zèv Sentespri a, a zèv demon, men se lefèt fè li **konsyamman ak volontèman**, nan entansyon pou detounen moun soti lwen Bondye. Nou pral konprann pi fasil kounye a ke se sèlman pitit satan yo ki ka komèt peche sa a. Pa gen vrè pitit Bondye ki ka komèt peche sa a. Ou p'ap janm wè yon vrè pitit Bondye di manti pou detounen moun lwen Bondye. Ou pap janm wè youn.

8- Poukisa peche sa a enpadonab?

Konnen mezanmi, ke padon an rezève pou Moun, e non pou satan ak demon l' yo. Nou sot montre ke Pale Mal sou Sentespri a se yon peche ki kapab sèlman komèt pa demon yo. Piske demon yo deja kondane pou letènite, padon pa nesesè ankò pou yo. Men, kenbe nan tèt nou sepandan lefèt pou detounen yon moun volontèman lwen chemen Bondye a, se yon krim ki pat janm te padone, e Bondye te toujou pini peche sa a trè grav, menm nan Ansyen Kontra a, kòm nou kapab li nan pasaj yo ki anba yo:

Deteronòm 13:1-5 ¹Si ta gen nan mitan nou yon pwofèt osinon yon moun ki konn fè vizyon, epi ki ta fè konnen kèk siy osinon kèk gwo bagay pral rive nan mitan nou, ²si sa li te anonse a rive vre epi li ta vin di nou: Ann al swiv lòt bondye nou poko konnen menm yo! Ann al fè sèvis pou yo! ³nou pa fèt pou nou koute pawòl pwofèt sa a ap di, ni sa moun ki konn fè vizyon an ap vin rakonte nan zòrèy nou. Paske se Seyè a, Bondye nou an, k'ap sonde nou, l'ap chache konnen si vrèman vre nou renmen Seyè a ak tout kè nou, ak tout nanm nou. ⁴Se Seyè a, Bondye nou an, pou nou swiv. Se li menm pou nou gen krentif. Se lòd li pou nou swiv. Se sa li di nou pou nou koute. Se li menm pou nou sèvi. Pa janm vire do ba li. ⁵**Kanta pou pwofèt sa a, osinon moun k'ap fè vizyon an, se pou nou touye yo. Paske y'ap ban nou konsèy pou nou kenbe tèt ak Senyè a, Bondye nou an, ki te fè nou soti kite peyi Lejip epi ki te wete nou nan esklavaj nou te ye laba a. Se pou nou touye yo, paske y'ap chache fè nou kite chemen Senyè a, Bondye nou an, te mete devan nou pou nou te swiv la. Se konsa n'a wete bagay mal k'ap fèt nan mitan nou."**

Deteronòm 13:6-11 ⁶Si yon frè nou, bò papa osinon bò manman, osinon yon pitit gason nou, osinon yonn nan pitit fi nou, osinon madanm k'ap viv nan menm kay avèk nou, osinon ankò yonn nan bon bon zanmi nou ta chache pran tèt nou an kachèt pou fè n' al sèvi lòt bondye, bondye ni nou menm ni zansèt nou yo pa t' janm konnen, ⁷yonn nan bondye lòt moun k'ap viv ansanm avèk nou sou latè,

kit yo toupre nou, kit yo byen lwen nou, ⁸pa janm tonbe dakò avèk li. Pa koute sa l'ap di nou. Se pou nou san pitye pou li. Pa chache pwoteje li, pa chache kouvri anyen pou li. ⁹Okontrè, se pou nou touye l'. Premye moun ki pou leve men sou li pou touye l' ak kout wòch se va nou menm. Apre sa, n'a kite lòt moun vin ede nou touye l'. ¹⁰N'a kalonnen l' wòch jouk li mouri, **paske li te vle fè nou vire do bay Seyè a**, Bondye nou an, li menm ki te fè nou soti kite peyi Lejip kote nou te nan esklavaj la. ¹¹Lè sa a, tout moun pèp Izrayèl yo va konn sa, y'a pè. Konsa, yo yonn p'ap janm fè yon bagay mal konsa ankò nan mitan pèp la."

Kòm nou sot li'l, nan Ansyen Kontra a, Letènèl te mande ke demon sa yo dwe jete nan Lanfè san zatann, san pèdi tan. Nan Nouvo Kontra a, nou pa dwe kalonnen demon sa yo wòch ankò. Men santans etènèl Bondye a sou yo, toujou la. Epi pandan y'ap tann jijman etènèl Bondye a kont yo, non sèlman Letènèl mande nou pou nou pa priye pou demon sa yo, jan nou li nan 1Jan 5:16, men li mande nou tou pou nou pa menm admèt yo nan kay nou, menm jan nou ka li nan pasaj ki anba la a:

2Jan 7-11 ⁷Gen anpil moun koulye a toupatou sou latè k'ap chache twonpe moun: yo pa vle rekonèt Jezi Kris te vin sou latè tankou yon moun tout bon. Moun nou wè k'ap fè sa, se moun k'ap twonpe moun, se moun k'ap goumen ak Kris la. ⁸Veye kò nou byen pou nou pa pèdi benefis travay nou an, pou nou ka resevwa tout rekonpans nou. ⁹Si yon moun pa kenbe sa Kris la te moutre nou an, si li al pi lwen, li pa gen Bondye. Moun ki kenbe sa Kris la te moutre a, se li menm ki gen Papa a ak Pitit la. ¹⁰Si yon moun vin jwenn nou pou l' moutre nou yon lòt bagay, **pa resevwa l' lakay nou. Ata bonjou pou nou refize di li.** ¹¹Paske, depi ou di yon moun konsa bonjou, ou dekonplis ak li nan tout move bagay l'ap fè yo."

9- Èske nou ka konnen moun ki te komèt peche sa a?

Ann egzamine ansanm pasaj sa a ki soti nan **1Jan 5:16** ki di: "Si yon moun wè yon frè l' fè yon peche ki p'ap fè l' mouri, se pou l' lapriyè Bondye pou Bondye bay frè a lavi. Prensip sa a bon pou moun ki fè peche ki p'ap fè yo mouri. Men, gen yon kalite peche ki mennen yon moun tou dwat nan lanmò. Mwen pa di pou yo lapriyè pou moun ki fè kalite peche sa yo."

Bondye mande nou priye pou nenpòt ki frè ki komèt yon peche nòmal, sa vle di, yon peche padonab, ke Bib la dekri kòm peche ki pa mennen nan lanmò. Menm Bondye sa a mande nou pou nou pa priye pou nenpòt moun ki komèt peche anòmal, sa vle di peche enpadonab, ke Bib la rele peche ki mennen nan lanmò. Bondye pa ka ban nou yon enstriksyon konsa, si nou pap kapab fè distenksyon ant peche ki mennen nan lanmò ak peche ki pa mennen lanmò. Se konsa, nou ka trè byen konnen tout moun sa yo ki pale mal sou Sentespri a. Yon fwa nou konnen ki sa sa ye Pale Mal sou Sentespri a, li vin trè fasil pou konnen ki moun ki te deja komèt peche sa a, epi ki moun ki ap komèt li.

Pale Mal sou Sentespri a se poutèt sa se pa yon peche fasil pou komèt, epi li pa yon peche ke vrè Pitit Bondye yo, ki gen dwa nan wayòm Bondye a, e ki, menm nan kèk minit anvan lanmò, ka toujou tounen vin jwenn Bondye, ka komèt. Se poutèt sa, se yon peche ke se sèlman pitit satan yo, ki vle di move zèb yo, sa vle di demon yo, ka komèt. Se pou rezon sa peche sa a pa pral padone, ni nan

syèk sa a, ni nan syèk k'ap vini an. Bondye pap janm kite nou komèt yon gwo peche konsa san nou pa vle, epi san nou pa rann kont de sa. Alelouya!

Se konsa, sonje mezanmi, ke tout ajan satan sa yo, k'ap rele m' demon oswa ajan dyab lougawou yo, oswa sèvitè satan, k'ap fè li konsyamman ak volontèman pou yo eseye devye moun yo soti nan chemen Bondye a, ap pale mal sou Sentespri a. Si yo te inyoran, Bondye t'ap pran inyorans yo an kont epi ba yo yon opòtinite pou repantans. Men piske li plen ak rayi, jalouzi, ak mechanste, ke yo fè li, nan objektif pou twonpe ak devye moun yo soti nan chemen Bondye a, yo pral konprann nan jou k'ap vini yo ke yo te atake Bondye, e se pa mwen menm.

Se konsa, si nou wè tout moun sa yo ki te avè'm yo, ki te mache dèyè'm yo, ki te gen tan pou apresye bon konprann lan ak benediksyon Bondye yo, epi kounye a k'ap detounen moun yo pa bann manti ke yo pa kapab jistifye, konprann ke sa yo se demon ki te fini ministè yo dèyè m', kòm frè yo, Jida te fini pa'l la dèyè Jezi. Y'ap ranpli moute mezi peche yo a, pandan y'ap tann pinisyon etènèl la.

"⁶⁴W'ap ba yo yon salè. O Letènèl, selon travay men yo; ⁶⁵W'ap livre yo nan kè di yo a, nan madichon'w nan kont yo; ⁶⁶W'ap pouswiv yo nan kolè'w la, e w'ap ekstèmène yo anba syèl yo, o Letènèl!" Lamantasyon 3:64-66.

10- Temwanyaj

"Mwen di laverite nan Kris, mwen pap bay manti menm, konsyans mwen rann temwanyaj pa Sentespri a." Romen 9:1

Kite'm ban nou kèk temwanyaj de bann demon sou fòm moun ki te deja komèt peche Pale mal sou Sentespri a, ou k'ap komèt li.

10.1- Premye temwanyaj

Mwen te dwe bay yon seri seminè nan plizyè peyi youn dèyè lòt. Kan mwen te kòmanse nan premye peyi a, reskonsab pastè yo nan dezyèm peyi a kote mwen te dwe ale a te fè deplasman pou vin swiv konferans premye peyi a. Nou te pase ansanm bann moman nou pap janm bliye devan Bondye. Pastè sa yo te rann yo kont byen ke yo te nan ministè a tankou pastè depi plizyè ane, yo te inyore tout pawòl Bondye a. Mesaj ke mwen te pote a te boulvèse tout sa ke yo te toujou konn ansenye a fidèl yo a.

Pastè prensipal sa a, reskonsab tout pastè yo nan dezyèm peyi a ki te dwe resevwa seminè yo, te byen rann li kont de efè yo ke ansèyman'm yo te dwe genyen, dabò sou pastè nan peyi'l yo, answit sou tout fidèl yo. Li te kòmanse ap panike, e ap reflechi a sa ke li te ka fè pou ke verite a pa rive nan peyi'l la. Li pat konnen ke òm Bondye a ki te vini an te diferan de tout sila yo ke li te toujou konn envite yo. Donk li te retrouve'l devan yon sitiyasyon ke li pa tap tann, ke okenn nan yo pat anvizaje, yon sitiyasyon ke fòk yo te jere avèk pridans, nan risk pou li pa fè yon eskandal ke efè yo te depase fontye peyi yo a.

Ekwasyon an te konplike. Sèl vrè solisyon ki te ka rezoud ekwasyon sa a ki pou te ka anpeche ke sèn doktrin nan pa rive nan peyi'l la, se te pou jwenn yon estrateji pou anile seminè yo nan peyi'l la. Men solisyon sa a pat posib, paske li

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifye'l ou pou chanje'l.

pat sèl pastè ki te enplike nan òganizasyon seminè sa yo. Se te kolektif prèske tout gran pastè yo nan peyi a. Li pat trè fasil pou konvenk tout pastè sa yo pou anile seminè yo ke yo t'ap tann depi lontan an, e pou yo yo te investi anpil tan yo, nan òganizasyon ak nan preparasyon. E menm si tout pastè sa yo te kapab kòronpi pou aksepte ke seminè yo anile, fòk yo ankò te gen pou yo te diskite sou sa avèk yo, e pou konvenk yo.

Men tan an te trè kout. Depi ke mwen te kite premye peyi a, seminè yo te dwe kòmanse nan dezyèm peyi a, jou apre a. Donk pat gen poz ant peyi yo. E pastè prensipal sa a te dwe vwayaje avèk mwen pou ale nan peyi'l la. Pat gen menm posiblite pou li pou rantre anvan'm pou ale polye lòt pastè yo. Sitiyasyon ideyal la ki te ka fè yo jwenn yon estrateji pou anile vrèman e senpleman seminè yo nan peyi'l la, te enposib.

Solisyon ideyal sa a pat ka adopte, li te panse a kèk bagay yon ti kras pi oze. Kan nou te fini seminè a nan premye peyi a, nou rejwenn dezyèm peyi a, kondwi pa pastè prensipal sa a. Rive nan peyi'l la, li te gen sèlman yon ti kras tan pou òganize mouvman koken'l lan. Sa ke li te jwenn ki te fasil pou fè, se te kòronpi tout entèprèt yo ki te dwe entèprete mesaj mwen yo diran seminè yo. Piske mwen t'ap ansenye nan yon lang e ke mesaj yo te entèprete nan lang peyi sa a, sa ke gran pastè sa a ki te enspire pa satan an te jwenn pi byen pou fè, se te mande avèk moun yo ki te dwe entèprete mesaj yo, pou di pito sa ke yo te vle a foul la ki te dwe ap koute'm yo, e non sa ke'm t'ap di yo.

Kan nou te rive nan peyi'l la, li menm ak sila yo ki te dwe akeyi'm yo te resewa'm, e te akonpanye'm nan lye ke yo te prevwa pou mwen an. Depi ke yo te kite'm, li te imedyatman òganize yon reyinyon avèk moun nan ekip òganizasyon an, pou te fè rapidman kontrandi de sa ke li te aprann nan premye peyi a, e te alète yo pa rapò a danje ke yo tout t'ap kouri an tanke pastè, pou kite mesaj mwen an san chanje, san delye, pou bay fidèl yo. Donk se nan lan nwit lan ke yo te adopte dènye solisyon yo a pou kòronpi entèprèt yo.

Sa te yon egzèsis trè konplike, e dezòd ke nou te viv la te espektakilè. Piske pami foul la te gen anpil moun ki te metrize lang ke mwen t'ap ansenye avèk li a, li te difisil pou yo pou kite kontrè mesaj ke mwen t'ap ansenye a, te bay foul la. E kòm moun yo pat konnen pastè a te fè aranjman satanik sa yo avèk entèprèt yo, lòt fidèl yo ki nan sal la oblije chak fwa ap korije entèpretasyon mesaj ke mwen t'ap bay la. Yo te panse ke entèprèt la pat kapab, e t'ap tante ede'l.

Men kòm fòk entèpretasyon yo te refèt chak fwa, sa te kreye yon trè gran dezòd. Te gen yon moman ki te rive, moun yo te mande pou yo chanje entèprèt la. Se sa ke yo te fè. Dezyèm entèprèt la, ki li menm tou te nan kou a, pat konn kòman pou'l kontinye menm ankò avèk siksè sabotaj mesaj verite a. Chak fwa ke li te eseye pou sabote, li te korije rapidman pa frè yo ki te nan foul la. Li menm li te rann li kont ke solisyon yo a pat ka reyisi, e te finalman oblije pou kontinye entèpretasyon an nan fason kòrèk.

Se apre premye jou seminè a, ke youn nan pastè yo te aproche'm sekretman, pou revele'm ke sa ki te pase a pandan premye jou seminè yo, te yon montaj satanik ke Senyè a te fè echwe. Donk se youn nan yo ki, trè satisfè pou tande
Sous & Kontak: Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org> E-mail: mail@mcreveil.org

laverite ke mwen te ansenye a, ki te vin livre'm sekrè satanik sa a ke m'ap pataje avèk nou an. Donk vwala, chè frè, sa ke plizyè pastè ap fè jodi a. Kan yo ap ansenye manti a, se pa pa inyorans. Se yon chwa ke yo te fè pou ansenye levanjil satan an.

10.2- Dezyèm temwanyaj

Mwen te dwe bay yon seri seminè nan plizyè vil yon peyi. Kan mwen te kòmanse seminè a nan premye vil la, plizyè pastè nan lòt vil yo ke seminè a te prevwa fèt ladan yo, te fè depasman pou vin swiv seminè premye vil la. Depi ke mwen te kòmanse ansèyman yo, plizyè te konprann ke mesaj la ke mwen te pote a pat sanble nan anyen a foli ke y'ap naje souvan an nan legliz yo a. Pandan ke kèk t'ap rejwi pou tandè mèvèy Bondye yo, lòt t'ap manje dan yo. Gen de pami yo ki te konstaman pa twò parèt tèt yo, e t'ap reflechi an swit kòman yo te dwe bay a tout program mwen an yon lòt fòm nan peyi yo a, donk plizyè vil te nan program nan.

Youn nan pastè sa yo te chwazi pou kite seminè a nan premye vil la yon jou anvan fen an, pou tounen yon katastròf. Li te kreye yon pretèks pou jistifye retou brisk li a e ki pa ka opine. Byen ke nou te jwenn rezon yo ke li te bay pou retou'l la, yon ti kras ensanse, nou te dakò, e te kite'l retounen. Sa ke nou te inyore, se misyon ke demon sa a te bay tèt li a. Li te rantre vit pou alète pi gran pastè yo, moun ki t'ap dirije pi gran legliz yo nan peyi sa a. Donk li te mande yon rankont ijan avèk yo, pandan rankont sa a li te fèmman di yo fè atansyon ak verite ke'm t'ap ansenye a, e li te konseye yo pou yo fè tout bagay pou anpeche'm nan lòt vil yo.

Men kòm Jezi Kris rete Sèl Mèt la, e toujou gen dènye mo a, Li te konfonn konsèy sèpan sa a, e te fè ke gran pastè yo pa aprouve avil la. Donk mwen te kontinye ak seminè yo jan ke sa te prevwa a, jis rive nan jou kote mwen te rive nan gran vil la, ki te regroupe tout legliz gran pastè sa yo ki te domine tout peyi a. Kan mwen te kòmanse seminè a nan vil sa a, gran e pisan pastè sa yo te alò konprann poukisa kòlèg sèpan yo a te fè òganize yon reyinyon an ijans pou avèti yo. Malerezman pou yo li te fè tro ta, donk fidèl yo te deja swiv premye ansèyman yo, e li te vin enposib pou anpeche yo pou swiv lòt yo. Pou pa soti nan sijè nou an, mwen ta kapab detaye swit komedi sa a pito nan yon lòt temwanyaj, si Bondye pèmèt li.

Lòt gran e pisan pastè satan sa yo te alò bay rezon ak kòlèg demon yo a, men li te fè tro ta malerezman pou yo, e erezman anpil pou pitit Bondye yo, donk mesaj Bondye a te deja pase. Tout lòt tantativ pou bloke verite a te vin pa pote fwi, pou laglwa Jezi Kris sèl vrè Bondye a. Alelouya!

Kèk tan pita Bondye te frape demon zele ak odasye sa a ki te pran sou li menm gwo responsablite a pou vle bloke revèy Bondye a nan tout yon peyi. Kan Senyè a te frape demon sa a, kòlèg demon li yo ki te avèk li yo pandan seminè premye vil la, te deklare pou konsòle yo ak konsòle lòt ipokrit yo, ke "*Bondye te bay, e Bondye te rebran, ke non'l glorifye.*" Pandan ke demon zele a t'ap brile nan Lanfè, konpanyon enfòtin li yo te di ak moun ki te vle tandè'l, ke Bondye te bay e rebran.

10.3- Twazyèm temwanyaj

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifiye'l ou pou chanje'l.

Mwen te dwe rann mwen nan yon peyi pou bann seminè. Yon lougawou nan peyi sa a, ki pat janm konn wè'm, e ki pat janm konn koute'm, te lanse tèt li nan yon gran kanpay pou sabote kont mwen, e t'ap mande ak moun yo pou yo pa ale nan seminè yo. Kan yo te mande'l rezon an ki fè'l mande moun yo pou yo kouri pou seminè yo ke mwen te dwe bay yo, li te di ke m'ap ansenye maryaj omoseksyèl. Li te reyisi konsa pou detounen kèk moun, men sa yo ki te yon ti kras pi vijilan yo, te chwazi pou pa kwè nan pale mal lougawou sa a san verifye. Donk yo te poze'l kèk kesyon.

Yo te mande lougawou sa a si li te deja wè'm. Lougawou a te di non. Yo te mande'l si li te deja koute ansèyman'm yo, lougawou a te di non ankò. Alò yo te mande'l sou ki baz li te ka jistifye sa ke li t'ap di yo. Li te di ke li te aprann sa nan men lòt moun. Moun sa yo te di'l ke si li pat gen prèv de sa ke li t'ap di yo, yo t'ap vin koute yo menm, e pran desizyon pa yo. Se konsa ke yo te vini nan seminè yo, e sezisman yo a te gran. Se moun sa yo, ki te pataje temwanyaj sa a ak nou.

Kan apre seminè a kèk nan moun ke lougawou a te eseye anven pou detounen yo, te ale kote'l pou ba'l kontrandi seminè a, lougawou sa a, san pa gen pyès wont, te fè sanblan li repanti, e te rejwenn nou nan doktrin Kris la. Men zèv li yo pat pran tan pou revini pou wè, e nou te finalman kouri dèyè'l nan mitan nou.

10.4- Katriyèm temwanyaj la

Plizyè ajan dyab lougawou ke nou te mete deyò nan Legliz la, pito yo repanti, yo te lanse yo nan pale mal sou Sentespri a. Yo chak al fè'l nan fason pa yo, avèk metòd pa li yo. Yo rivalize tèt yo nan enjenyozite. M'ap ban nou kèk egzanp:

Premye Egzanp: Gen bann ajan dyab lougawou ki, kan yo te ankò nan mitan nou e te fè tèt yo pase pou bann pitit Bondye, te mete nimewo telefòn yo sou ansèyman ke nou t'ap distribye yo sou fòm jounal papye. Se nimewo sa yo ke tout moun ki te dezire jwenn nou nan peyi yo a, te dwe itilize. Kan nou te mete ajan dyab sa yo deyò nan Legliz la, jounal ki te gen nimewo yo a te kontinye ak sikile. Moun ki te tonbe sou jounal sa yo, te rele nimewo sa yo, men te tonbe pito sou ajan dyab sa yo ki te deja mete deyò nan Legliz la. Donk ajan dyab lougawou sa yo te resevwa tout moun ki t'ap chache sèn doktrin nan, men te kache pou di yo ke yo te deja mete yo deyò nan Legliz la. Yo t'ap ansenye doktrin satanik a kreyen sa yo, e te detounen yo volontèman e konsyamman nan chemen Bondye a.

Kèk nan kreyen sa yo, te rive yon tan, pou wè tout abominasyon ki t'ap pratike nan mitan ajan dyab lougawou sa yo, te kòmanse ap mande tèt yo si yo te vrèman nan sèn doktrin nan. Moun ke ajan dyab yo te deja reyisi pou inisye nan dyab yo, te malerezman pèdi. Men moun ki pat ka inisye yo, te kouri pou milye satanik sa yo. Kèk te rete lakay yo, lòt te dekouraje. Genyen menm ki te rantre nan ansyen fo legliz yo a, di tèt yo ke si sèn doktrin nan se sa ke yo te wè yo nan mitan ajan dyab lougawou sa yo, se ke donk pa gen diferans ant sa ke yo te kwè ki te sèn doktrin nan, ak fo milye yo ke yo te kite yo. Pòv inosan sa yo pa konnen ke si yo te retrouve yo nan bagay dyab lougawou, e se pat nan sèn doktrin nan.

Men kòman ajan dyab lougawou sa yo te rejte okazyon pou yo repanti ke Senyè a te akòde yo a, e te chwazi pou pale mal sou Sentespri a. Mechan sa yo pase tan pou detounen pòv nanm k'ap chache Sali a nan Jezi Kris. Yo inisyè inosan sa yo nan dyab, detwi lavi yo, e yo rejwi yo nan sa. Dram nan se ke yo fè tout sa volontèman e konsyamman. Nou panse ke Bondye ap padone yo degre mechanste volontè sa a, konsyan ak prepare davans? Repons lan se NON. Sa ede nou pou pi byen konprann peche pale mal sou Sentespri a, e poukisa Senyè a te deklare ke peche sa a pap janm padone.

Dezyèm Egzanp: Gen yon lòt ajan dyab lougawou ki te bay tèt li pou misyon, yon kote pou detounen tout kretyen ke li te gen kontak yo kan li te ankò nan Legliz la, e lòt kote a, pou regroupe tout lòt ajan dyab lougawou yo ke nou te mete deyò nan asanble yo, pou fòme yon gran group lougawou, pou yo kapab pi byen konbat Bondye. E li te akonpli byen ministè'l la, nan pi gran satisfaksyon mèt li a e papa li dyab la. E tout lougawou sa yo te lanse yo ak bwi e ak kri nan pale mal sou Sentespri a, e yo bay lenpresyon, a moun ki vle kwè yo, ke y'ap sèvi Bondye. Se tout menm tris pou wè kòman moun yo pral nan Lanfè a pandan y'ap danse. Si Bondye pèmèt li, m'ap ban nou plis detay konsènan chak ka sa yo, nan yon prochen temwanyaj.

Twazyèm Egzanp: Men sa ke bann lòt ajan dyab lougawou te fè pou detounen maksimòm moun ki t'ap chache Bondye. Piske yo te konnen ke kretyen yo ki t'ap chache laverite te rekonèt ansèyman nou yo pa an tèt yo. Tout moun ki te tonbe sou ansèyman satanik sa yo, donk te kwè fèmman ke se te ansèyman nou yo. E Bondye sèl ki konnen ravaj ke demon sa yo te kreye pa metòd sa a ki enspire depi nan mond fènwa yo.

Katriyèm Egzanp: Bann lòt ajan dyab lougawou ankò, pou detounen moun yo nan chemen verite a, te montre tèt yo yon ti kras pi rize. Yo te chwazi, pou yo pa itilize papyè an tèt nou yo pou propaje levanjil satanik yo, men pito pou imite tout sa ke nou t'ap fè. Yo te jire pou kopye mòd fonksyonman nou an, e te konsa reyisi pou tronpe vijilans bann moun ki pat avèti yo. Yo te fè yon makèt jounal ki pa trè diferan ak pa nou an, yo te mete yo pou ekri jounal yo a nan itilize menm modèl ak nou. Yo kopye fason'm ekri a ak estil mwen an, e fè efò pou ekri tankou'm, nan pwèn kote tout moun ki pa trè vijilan pral ka konfonn pwazon sèpan sa yo, avèk ansèyman'm yo. Yo menm fè yon sit entènèt tankou pa nou an, e fè bann reyinyon kalkè sou modèl nou an, elatriye. E kan demon sa yo fè sa, yo di avèk arogans ke Bondye pa pini, pa gen Bondye menm. Yo te fin pa konvenk tèt ke pawòl Bondye a fo. Sòm 10:4.

Demon sa yo yo toujou sou sit entènèt nou an, pou chache si gen bagay nouvo, pou yo ka kopye. Yo pral gen travay nan jou k'ap vini yo, donk nou pral chanje sit nou an. Mwen te deside chanje manyè ke mwen mete ansèyman yo a dispozisyon pèp Bondye a, sou sit entènèt la. Depi yo pral rann kont de sa, yo pral eseye pou fè menm jan an. Yo pral kopye nouvo konfigirasyon sa a. Pou prouve a tout moun ke tout enspirasyon pa yo limite sèlman nan fè kopye kole, yo pa pral gen wont nan semèn k'ap vini yo, pou chanje tout ansyen kopye kole yo, pou yon nouvo kopye kole nouvo metòd travay mwen an. Se dayè sa ke mèt yo a satan fè. Li pase tan li ap kopye sa ke Bondye te fè. Pa bliye ke satan li espesyalize li nan imitasyon sa ke Bondye fè.

Kan mwen te mande ak youn nan demon sa yo poukisa li pat kapab fè lòt anyen ke sèlman kopye tout sa'm fè, li te di'm ak fyète ke mwen te yon modèl, e li pat wè poukisa mwen te dwe jwenn sa pa nòmal pou moun yo kopye'm, e te di'm ak arogans ke yo pral toujou kopye'm. Kidonk men kijan ajan Lanfè yo ap efòse yo pou simen dezòd nan travay Bondye a, nan bi pou detounen pi plis moun soti nan vrè Levanjil la. Yo vle absoliman byen merite chatiman k'ap tann yo a nan Lanfè a pou tout tan an.

Se kan nou konprann ekstrèm mechanste ki kache dèyè peche sa a pale mal sou Sentespri a, ak ravaj ke peche sa a koze nan kan Bondye a, ke nou konprann poukisa Jezi Kris Bondye Veritab la, te jire ke peche sa a pap gen padon nan syèk sa a, ni nan syèk k'ap vini an. E si nou kwè ke pawòl Bondye a vrè, konnen ke sa ke Jezi Kris te di a, ap rive!

10.5- Senkyèm temwanyaj

Plizyè ti ajan satan ke satan te deja voye pou polye rezo sosyal yo. Tout bay lenpresyon yo renmen Bondye. Y'ap itilize non Jezi pou sedwi inyoran yo. Plizyè nan ajan satan sa yo sèvi ak ansèyman nou yo pou tèt yo tankou ranpa, pou atire tout moun k'ap chache laverite a. Yo fè answit efò pou detounen tout kretyen inyoran yo nan chemen verite a, pa riz ak lòt teknik ke yo te ansenye yo nan mond fènwa yo.

Demon sa yo pran ansèyman nou yo, li yo liy apre liy, e retire nan yo tout referans ki mennen lektè yo nan sit entènèt nou an. Yo efase tout kote adrès www.mcreveil.org a te site pou jwenn nan bezwen, demon sa yo retire adrès nou an, e ranplase'l pa pwòp adrès pa yo, nan bi pou detounen tout moun k'ap chache laverite a. Nou te ekspozè kèk nan demon sa yo nan ansèyman ki rele "**Disèneman an**" ke n'ap jwenn sou sit la www.mcreveil.org.

Youn nan demon sa yo gen pou kòdone:

WhatsApp: 0022367501343

Profil Facebook: "**Élie Elie**"

Adresse: <https://www.facebook.com/profile.php?id=100056852889863>.

Dezyèm nan gen plizyè paj Facebook ke sa a:

<https://www.facebook.com/DNG-100568642178253/>

Twazyèm demon an li rele **Romeo Sewanou**, e gen pou kodone: Whatsapp: +22962936838

Facebook1: <https://www.facebook.com/sewarom1>

Facebook2: <https://www.facebook.com/romeo.sewanou>

Groupes WhatsApp: Camp de vérité N°1, Camp de vérité N°2, N°3, N°4, etc.

Nou pral li detay yo konsènan demon sa yo nan ansèyman sou Disèneman an.

Malerezman ajan Lanfè sa yo yo anpil, yo soti depi nan mond fènwa yo pou anvayi rezo sosyal yo, e detounen nan chemen Bondye a, moun yo k'ap chache Sali a. Demon sa yo donk pase tan yo pou pale mal sou Sentespri a, pou yo ka anpile peche yo a. Nou konprann kounye a ke demon sa yo te volontèman chwazi Lanfè, se ak nou menm pou kouri pou yo. Nou dwe non sèlman kouri pou yo,

nou dwe tou denonse yo, pou ka kanpe misyon satanik yo a kont pitit Bondye yo, e sove kèk nan moun ki tonbe nan pyèj yo a.

Kèk nan ti demon sa yo te kreye bann group sou diferan rezo sosyal yo, nan yo yo entèdi moun yo pou li ansèyman nou yo, e menase pou radye nan group sa yo tout moun k'ap oze ale sou sit www.mcreveil.org a. E tout moun ki pat pran menas sa yo oserye e te panse ke se te yon blag, yo te mete yo deyò nan group sa yo, paske yo te oze vizite sit entènèt mcreveil.org a. Men kòman demon yo travay. Yo fè tèt yo pase pou bann kretyen ki fèt yon lòt fwa, e pretann y'ap sèvi Jezi Kris. Konnen kounye a ke yo se bann misyonè mond fènwa yo. Se pou tèt sa ke y'ap pale mal sou Sentespri a, san yo pa jennen. Yo konnen ke yo soti nan Lanfè a, e se nan Lanfè y'ap retounen. Pa imite yo, e pa swiv yo. Denonse demon sa yo pou ke lòt inosan yo ki nan group satanik yo a ka libere tou.

Si nou wè yon swadizan kretyen ki fèt yon lòt fwa ou yon swadizan sèvitè Bondye entèdi nou pou li ansèyman yo ki sou sit mcreveil.org a, konnen ke nou an afè ak demon. Bondye pat voye okenn nan demon sa yo enpoze nou sa ke nou dwe li. Nou chak gen kapasite pou rekonèt yon ansèyman ki baze sou verite a. Si ansèyman yo ki sou sit mcreveil.org a vrè, n'ap rekonèt li. E si yo fo, n'ap rekonèt li egalman. Donk se pa demon yo ki pou li yo anvan pou yo ban nou yon kontrandi. Pa kite menm ankò ajan Lanfè yo detounen nou nan verite a.

11- Konklizyon

Pou fini ansèyman sa a, m'ap lanse yon apèl solanèl a tout moun ki espere jwenn nan men Bondye nenpòt padon an pou peche yo a. Nou tout kretyen ki pa ase fèm nan lafwa nou e k'ap tonbe ankò, e nou menm ajan dyab lougawou yo k'ap konbat Bondye malgre men lonje Bondye sou nou, e malgre diferan apèl pou repantans ki toujou lanse, si nou gen entansyon pou chape ankò Lanfè a, si nou reve jwenn ankò nan men Bondye padon pou peche nou yo, si nou espere wè Bondye jije ka nou an avèk yon ti kras souplès pandan jijman dènye a, fè tout efò nou pou pa franchi tras wouj la, ki se peche pale mal sou Sentespri a. Konnen ke tout tan ke nou pat komèt peche sa a, antre nan Syèl la posib pou nou ankò, padon bò kote Bondye ka akòde ak nou ankò. Donk veye pou pa fèmen nou menm pòt Syèl la devan nou, veye pou pa sele plas nou an nan Lanfè a.

"Kiyès ki konnen si Bondye pap retounen e pap repanti, e si li pap renonse ak gwo kolè li a, pou ke [nou pa peri] menm?" Jonas 3:9

Benediksyon Bondye pou tout moun ki renmen Jezi Kris, Senyè nou an, ak yon renmen ki p'ap janm fini!

Envitasyon

Chè frè ak sè,

Si nou te kouri pou fo legliz yo e nou vle konnen sa ke nou dwe fè, men de solisyon ki ofri ak nou:

1- Gade si bò kote nou pa gen kèk lòt pitit Bondye ki krenn Bondye e ki dezire viv selon Sèn Doktrin nan. Si nou jwenn, nou lib pou nou mete ak yo.

2- Si nou pa jwenn e dezire pou rejwenn nou, pòt nou yo ouvè, Sèl bagay ke nou mande nou pou fè, se pou li dabò tout Ansèyman yo ke Senyè te ban nou yo, e ki sou sit nou an www.mcreveil.org, pou rasire nou ke yo konfòm ak Bib la. Si nou jwenn yo konfòm ak Bib la, e nou prè pou nou soumèt nou a Jezi Kris, e pou viv selon egzijans pawòl Li, n'ap akeyi nou avèk lajwa.

Se pou benediksyon Jezi Senyè a toujou la avè nou!